

ENFÒMASYON SOU DWA SANTE W

Dwa w pou yo Ba w Kontrandi sou Divilgasyon:

Ou gen dwa pou w mande pou n ba ou yon lis divilgasyon nou fè ak Enfòmasyon sou Pwoteksyon Sante w (PHI). Pou w jwenn lis sa a, fè yon demann alekri voye bay Ofisye pou Konfòmite Anchèf an. Demann ou an dwe genyen yon peryòd tan ki pa dwe pifong pase 6 ane, epi li pa ka gen dat ki anvan 14 avril, 2003 tou. Premyè demann lan, nan peryòd 12 mwa, n ap ba ou li gratis. Nou kab mande w peye pou lòt demann anndan menm period 12 mwa a. N ap di w davans konbyen sa ap koute w yon fason pou w retire demann ou an oubyen modifye li anvan w angaje nan depans pou li.

Dwa pou w Resevwa Notifikasyon nan Ka Vyolasyon:

Ou gen dwa pou w resevwa notifikasyon si gen vyolasyon PHI ou nan entèval 60 jou kote w dekouvri vyolasyon an. Avi an pral gen yon deskripsyon ki gen anndan li: dat vyolasyon an, kisa ki te rive, kalite enfòmasyon an, yon deskripsyon brèf envestigasyon an, echlon pou w pwoteje tèt ou, echlon pou w anpeche lòt vyolasyon rive, epi ki moun pou w kontakte pou plis enfòmasyon.

KONPLENT

Si w kwè gen vyolasyon dwa w sou lavi prive w, ou kapab adrese yon konplent. Ou dwe fè tout konplent yo alekri. **Pèsòn pa pral penalize w oubyen ritalye kont ou paske w te pòte yon plent.** Pou w adrese yon konplent, pran kontak avèk Ofisye pou Konfòmite Anchèf lan. Gade nan paj devan Avi sa a pou w jwenn enfòmasyon sou kontak lan.

Ou kab adrese yon konplent tou voye bay “Department of Health and Human Services Office of Civil Rights (“OCR”)”. Enfòmasyon sou Kijan pou w Pòte Plent, kisa w bezwen pou konplent lan, epi fòmilè yo, yo la disponib atravè sitwèb sa a: <http://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/>.

KI PA GEN DISKRIMINASYON

Rezo “Nanticoke Physician Network” lan annakò ak lwa sou dwa sivil Federal an aplikasyon yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulèpo, orijin nasyonal, laj, enfimite, oubyen sèks.

Nanticoke Physician Network cumple con las leyes federales de derechos civiles aplicables y no discrimina por motivos de raza, color, nacionalidad, edad, discapacidad o sexo. ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-302-629-6611.

Nanticoke Physician Network konfòm ak lwa sou dwa sivil Federal ki aplikab yo e li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite oswa sèks.

ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-302-629-6611.



Avi sou Pratik nan Lavi Prive

(Dat Antre Anvigè: 16/01/2017)

AVI NAN PRATIK SOU LAVI PRIVE SA A (“Notice”) DEKRI KIJAN NOU KAB UTILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON SOU LASANTE KI KONSÈNE W, EPI KIJAN OUMENM, OU KAB GEN AKSÈ A ENFÒMASYON SA YO.

Nou konprann kijan sante w ak enfòmasyon sou sante w se yon kozman pèsònèl. Nou pran angajman pou nou pwoteje enfòmasyon sou sante w.

Tanpri, Revize ak Anpil Atansyon. *Si w gen nenpòt kesyon ki konsène Avi sa a, ou kab pran kontak avèk Ofisye Konfòmite Anchèf nou an.*

Enfòmasyon pou Kontak:
Chief Compliance & Risk Officer
Nanticoke Memorial Hospital
Nanticoke Physician Network
801 Middleford Road
Seaford, DE 19973
Telefòn: 1-302-629-6611 ext 2472

Lalwa egzije “Nanticoke Physician Network (“NPN”)” pou l mentni respè lavi prive nan pwoteksyon enfòmasyon konsènan sante pasyan an (“PHI”) epitou pou l ba ou Avi piba sa yo konsènan devwa legal ak pratik nou sou lavi prive konsènan PHI an. NPN lan ak anplwaye l yo (“Noumenm”), gen obligasyon pou n:

- Mentni respè lavi prive PHI lan.
- Ba w Avi sou devwa legal ak pratik sou lavi prive sa a ki konsène PHI ou an.
- Respekte kondisyon kin an Avi sa a.
- Avize ou si nou pa kapab dakò avèk yon amandman oubyen yon restriksyon ki nesèsè sou kijan nou itilize oubyen divilge enfòmasyon w yo.
- Akomode demann sa ki rezonab ke w kapab fè pou w itilize mwayen altènatif pou PHI ale yon kote, oubyen si w vle lokalizasyon altènatif tou.
- Jwenn otorizasyon ekri pa w pou n itilize oubyen divilge PHI ou pou rezon sa ki pa ni pèyman, ni voye bòdwo pou pèyman, operasyon oubyen tretman, epi/oubyen jan lalwa pèmèt sa fèt.
- Bay yon mekanism pou ou pou w mande pou gen amandman nan dosye w si se nesèsè.

ÒGANIZE ARANJMAN POU SWEN SANTE

Rezo NPN lan ak anplwaye medikal li yo prezante dokiman sa a ba ou kòm yon Avi ak konjwen. PNP pral pataje enfòmasyon yo ak pèsònèl swen sante yo nan mezi kote sa nesèsè pou kozman tretman, pèyman, ak operasyon nan swen sante. Medsen ak lòt moun, ki pa anplwaye, k ap bay swen, kab gen aksè a PHI an nan klinik yo pou yo ede nan revizyon tretman ki te fèt paske tretman sa yo kab afekte tretman w ap fè kounye an yo.

ENFÒMASYON SOU SANTE PÈSONÈL OU

Nou kenbe enfòmasyon sou sante w lan nan yon dosye medikal ki se pwopriyete fizik MidSussex Medikal Center (“MSMC”), Inc., k ap mennen biznis tankou Nanticoke Physician Network. Chak fwa ou vizite NPN lan, nou fè yon dosye pou visit ou an. Odinèman, dosye sa genyen dyagnosis, sentòm, rezilta egzamen ak tès, tretman, lokalizasyon pou swe oubyen tretman sa k ap vini, enfòmasyon ki gen rapò ak pèyman. Avi sa a aplike ak tout dosye swen yo ki sòti nan NPN lan.

KIJAN REZO NANTICOKE PHYSICIAN NETWORK LAN KAPAB UTILIZE OUBYEN DIVILGE ENFOMASYON SOU SANTE W

Tretman:
Nou kab divilge PHI ou pou n ba w tretman oubyen sèvis medikal ak moun ki enplike nan ba w swen nan NPN (medsen, enfimye, teknisyen, etidyan nan medsin, koòdinatè swen, ak patisipan nan òganizasyon tankou “Accountable Care Organization (“ACO”)”). Pa egzanzp, yon medsen k ap trete w paske pye w kase kapab bezwen konnen ou gen dyabèt, paske dyabèt kapab ralanti pwosesis tretman an.

KIJAN REZO NANTICOKE PHYSICIAN NETWORK LAN KAPAB UTILIZE OUBYEN DIVILGE ENFOMASYON SOU SANTE W (Kontinye)

Tretman (Kontinye):

Nou kab divilge enfòmasyon ki konsène sante w bay moun ki andeyò NPN lan, ki ba w swen medikal, tankou lòt doktè ak etablisman retrèt yo (nursing homes).

Pèyman:

Nou kab itilize oubyen divilge enfòmasyon sou sante pou n voye bòdwo ba ou epi touche kòb nan men w, pou konpayi asirans ou, oubyen yon peyè twazyèm pati. Pa egzanzp, nou kab itilize enfòmasyon sou sante w pou n prepare yon demann pou pèyman si w gen yon asirans sante, epi n ap voye bòdwo an bay asirans ou an dirèkteman. Nou kap rapòte kalite tretman sa w pral resevwa a bay asirans ou tou pou n kab konnen si asirans ou an pral kouvri depans pou tretman w lan.

Operasyon Swen Sante yo:

Nou kab itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w nan bi pou operasyon NPN lan. Itilizasyon ak divilgasyon sa yo nesèsè pou n kab asire nou ke pasyan nou yo ap resevwa bonjan kalite swen epi jwenn bon sèvis ak bon pri.

Moun sa ki Enplike nan Swen w yo:

Nou kab divilge PHI ou bay moun ki enplike nan ba w swen yo, tankou manm fanmi oubyen zanmi w yo, amwens ke w mande n pou n pa divilge l bay yo. Nou kab pase PHI ou bay yon moun k ap ede w peye pou swen yo, avèk lòt pwofesyonèl nan swen, reprezantan gouvènman, oubyen òganizasyon k ap ede kote ki gen dezans tankou Lakwa Wouj, tan tan ijans, oubyen sityasyon dezans kote yo bezwen soulajman, pou ede nan koòdinasyon efò soulajman yo epi bay mwayen pou kenbe kontak ak fanmi oubyen zanmi yo.

LÒT UTILIZASYON OUBYEN DIVILGASYON ENFÒMASYON SOU SANTE W

Antite Asosye ki Gen Kouvèti:

Nou kab itilize ak divilge PHI ou avèk Nanticoke Memorial Hospital epi lòt etablisman asosye pou egzekite tretman, pèyman, operasyon ki anrapò ak swen sante.

Sèvis Fòs Militè:

Si w se yon veteran oubyen yon manm militè aktif, nou kab itilize oubyen divilge PHI ou jan Sèvis Fòs Militè yo egzije pou n fè l la.

Asosye yo nan Biznis NPN lan:

Asosye nan Biznis NPN lan yo bay sèvis pou NPN lan atravè kontra. Anplwaye nan konpayi sa yo pa anplwaye NPN. Lè nou bay konpayi sa yo kontra, nou kab divilge PHI ou bay Asosye nan Biznis nou sa yo yon fason pou yo kab akonpli travay sa nou mande yo fè yo, epi pou yo voye bòdwo bay oumenm oubyen yon twazyèm pati k ap peye yo pou sèvis yo rann yo.

LÒT UTILIZASYON OUBYEN DIVILGASYON KONSÈNAN ENFÒMASYON SOU SANTE W (Kontinye)

Asosye nan Biznis NPN yo (Kontinye):

Tout Asosye Biznis yo antann yo alekri pou mizanplas mezi ki apwopriye pou pwoteksyon konfidansyalite PHI ou, an konfòmite avèk egzijans nan matyè sa a.

Kontakte w pou Enfòmasyon:

Nou kab itilize PHI pou n ede w sonje randevou w yo, pou n ba w enfòmasyon sou tretman altènatif, oubyen lòt benefis ki gen rapò ak lasante ansanm ak sèvis ki kapab byen enterese w.

Doktè Lejis ak Direktè Ponp Finèb yo:

Nou kab divilge PHI bay yon doktè leis oubyen yon egzaminatè medikal pou yo idantifye yon kadav, detèmine koz yon lanmò, oubyen pèmèt doktè leis oubyen egzaminatè medikal lan ranpli devwa legal yo. Nou kab bay yon direktè ponp finèb enfòmasyon tou.

Enstitisyon Koreksyonèl pou Prizonye yo:

Si w se yon prizonye nan enstitisyon koreksyonèl oubyen ou plase anba responsablite yon ofisyèl k ap ranfòse lalwa, nou kab divilge PHI ou bay enstitisyon koreksyonèl lan oubyen yon ofisyèl k ap aplike lalwa.

Pou Kolekte Lajan:

Se sèlman enfòmasyon demografik ki limite (tankou non, adrès) nou kab itilize nan “Nanticoke Health Services Foundation” pou n mande sipò pou òganizasyon sa a. Si w pa vle enplike w ladan li, tanpri di Ofisye pou Konfòmite Anchèf lan sa alekri.

Fonksyon Gouvènman / Sekirite Nasyonal:

Nou kab itilize oubyen divilge PHI ou pou fonksyon espesifik gouvènman an tankou pwoteksyon ofisyèl piblik yo, envestigasyon, pwosedi sivil oubyen kriminel, oubyen lòt mezi sekirite ke lalwa otorize.

Echanj Enfòmasyon Medikal (“HIE”):

Nou patisipe nan HIE yo pou nou fasilite echanj san risk ki konsène enfòmasyon elektwonik sou sante pou tretman, pèyman, oubyen lòt operasyon sou kozman sante. Nou kab pataje enfòmasyon ak lòt òganizasyon yo tankou lopital yo, klinik doktè, famasi, konpayi asirans oubyen lòt HIE yo. Nou patisipe ak “Delaware Health Information Network (“DHIN”)", “CommonWell”, epi “Chesapeake Regional Information System (“CRISP”)" pou Pasyan nou yo. Patisipasyon HIE an pèmèt nou pataje enfòmasyon yon fason pou n ka bay pasyan yo meyè tretman epi koòdone sèvis swen sante yo. Ou gen dwa pou w refize pataje enfòmasyon atravè HIE yo. Si w pa vle pèmèt pou medsen, enfimyè, ak lòt moun ki otorize ki enplike nan ba w swen pataje PHI w lan youn a lòt atravè mwayen elektwonik, ou kapab konplete yon Fòmilè Non-Patisipasyon pou w “refize DHIN” lan.

Echanj Enfòmasyon Medikal (Kontinye):

Gen enfòmasyon konsènan refi DHIN lan disponib nan www.DHIN.org/consumer. Enfòmasyon sa ki konsène refize ak “Common Well” lan disponib sou demann; ou kab kontakte Ofisye pou Konfòmite Anchèf lan. Ou kapab “bay refi” pou “CRISP” atravè sitwèb yo an ki se: www.crisphealth.org.

Fòs Lalwa yo:

Nou kap divilge PHI kòm repons a yon òdonans tribinal, manda, asiyasyon, oubyen lòt pwosesis menmjan an si sa otorize anba lalwa leta oubyen federal lan. Nou kab divilge PHI ou pou idantifikasyon oubyen lokalizasyon yon sipèk, yon mawonyè, temwen materyèl, oubyen moun ki disparèt, oubyen pou otorite yo jwenn enfòmasyon konsènan viktim yon krim, oubyen konpòtman kriminel nan etablisman nou yo. Nou kab divilge PHI ou nan sikonstans d ijans, pou rapòte yon krim, lye yon krim, viktim yo, oubyen idantite ak deskripsyon oubyen zòn kote yon moun te komèt yon krim.

Pwosedi Legal Lalwa Egzije yo:

Nou kab divilge PHI w lan pandan dewoulman nenpòt pwosedi nan tribinal oubyen administrasyon oubyen ankò an repons a yon lòd tribinal ou administratif. Nou kab divilge PHI ou tou an repons a demann yon manda dekouvèt, pou rapòte defayans pwodwi, rapèl, Sèvis pou Sant ”Medicare” ak “Medicaid” (“CMS”), “Physician Review Organization (“PRO”)", oubyen “Department of Health & Human Services Office of Civil Rights (“OCR”)"

Donasyon Ògàn/Tisi:

Nou kab itilize oubyen divilge enfòmasyon sou sante w pou rezon donasyon kadav, ògàn, zye, oubyen tisi.

Sekirite Piblik oubyen Aktivite Sante:

Nou kab itilize epi divilge PHI lè se nesèsè pou nou anpeche menas serye pou sante ak sekirite w oubyen pou sante ak sekite lòt moun, tankou pou nou bare wout oubyen kontwòle maladi, elatriye. Nou kab divilge PHI ou bay moun ki sijè a jiridiksyon “Food and Drug Administration” pou rezon sekirite sekirite oubyen efikasite pwodwi, epi pou rapòte nesans, lanmò, oubyen lòt aktivite nan kozman siveyans lasante tankou odit, enspeksyon, epi lisans pou ekzèsis. Nou kab divilge PHI pou n rapòte abi oubyen neglijan timoun, vyeya, ak grandèt enfim, oubyen pou n rapòte vyolans domestik.

Rechèch:

Si yon komisyon revizyon enstitisyonèl oubyen lavi prive apwouve li, nou kab itilize ou divilge PHI ou pou rechèch, yon fason pou n asire ke gen mezi apwopriye ki anplas pou pwoteje konfidansyalite PHI w lan.

Fòmasyon Anplwaye ak Etidyan yo:

Nou kab divilge PHI w pou n fòme anplwaye ak etidyan yo.

Konpansasyon Travayè yo:

Nou kab divilge PHI pou n konfòme nou avèk lwa epi règleman nan kozman Konpansasyon Travayè yo yo.

LÒT UTILIZASYON PHI AN

Nou mande w ban nou otorizasyon alekri pou pifò itilizasyon ak divilgasyon avi psikoterapik lan yo; itilizasyon PHI lan pou rezon komèsyal; epi pou divilgasyon anrapò ak kozman vann PHI w lan. Si w ban nou pèmision pou n divilge PHI w lan, ou gendwa revoke pèmision w lan a nenpòt kèl moman, epi konsa, nou pap kontinye divilge PHI w lan pou rezon sa yo ou endike nan otorizasyon sa w ekri an. Ou dwe ekri Ofisye pou Konfòmite Anchèf lan pou w revoke pèmision w lan.

Itilizasyon ak Divilgasyon ki Anba Obligasyon:

Selon lalwa, nou dwe akòde divilgasyon lè ou fè demann lan, amwenske gen rezon medikal ki kontrendike sa avèk lè “Secretary of the Department of Health and Human Services” mande nou fè sa pou envestigasyon oubyen pou detèmine konfòmite avèk “Health Insurance Portability and Accountability Act (“HIPAA”)"

Non-Divilgasyon:

Li nan pratik kouran nou pou n divilge enfòmasyon konsènan swen sante w bay asirans ou pou n konnen si y apwouve kouvèti pèyman pou sèvis sa w bezwen yo. Si w vle pou gen atik oubyen sèvis nou pa mansyone bay plan asirans ou an, ou dwe avize nou davans, epi ou dwe fè demann sa a alekri.

Demann pou Restriksyon :

Ou gen dwa pou w plase yon restriksyon oubyen limitasyon sou PHI sa n ap itilize oubyen divilge konsènan tretman w, pèyman, oubyen operasyon swen sante w. Nou pa oblije dakò avèk demann ou an, eksepte lè demann ou an fèt pou yon restriksyon oubyen divilgasyon bay yon plan asirans pou sèvis ke w peye anplen ak lajan nan pòch ou. Nan ka sa yo, nou kab oblije dakò avèk demann ou an si gen lòt kondisyon ki satisfè, tankou kote ki gen yon ijans. Ou dwe enfòme “Registration” sou tout restriksyon oubyen divilgasyon ki kab al jwenn yon plan asirans nan moman kote oumenm, wap peye pou sèvis sa yo.

PIPLS PWOTEKSYON KONSÈNAN ENFÒMASYON SOU SANTE PÈSONÈL OU

Lwa leta ak federal espesyal yo aplike a tip espesifik PHI pasyan yo. Pa egzanp, nou kab aplike pwoteksyon yo a enflòmasyon sou maladi transmisib atravè aktivite seksyèl yo, dosye tretman pou abi dwòg ak alkòl, enfòmasyon jenetik, epi enfòmasyon sou VIH/SIDA. Lè lalwa mande sa, n ap mande w otorizasyon anvan nou divilge kalite enfòmasyon sa yo.

DIVILGASYON NAN KA ENSIDAN

Pandan n ap pran prekosyon rezonab pou n pwoteje PHI w lan, gen sèten divilgasyon ki kab rive nan PHI w lan pandan oubyen kòm yon rezilta inevitab yon itilizasyon oubyen divilgasyon ki gen pèmision pou PHI w lan, tankou pa egzanp, pandan yon pwosesis tretman, lòt pasyan ki nan zòn tretman an kapab wè oubyen tande diskisyon ki konsène enfòmasyon sou sante w.

DWA W KONSÈNAN ENFÒMASYON SOU SANTE W

Dwa pou w Enspekte ak Kopye:

Apa kèlke eksepsyon, ou gen dwa pou w enspekte epi jwenn kopi PHI ou sou papye, kote yo mentni l nan kasye dosye l lan. Si se nan fòma elektwonik dosye PHI w lan ye, ou gen dwa pou w kopye l nan yon fòma elektwonik si l posib pou w fè sa nan fòma sa l ye an. Nou kab mande w peye yon frè pou yon kopi dosye sante w pou n kab touche pou travay ki asosye ak sèvis sa a, postaj, oubyen lòt kozman. Nou gen dwa rejte demann ou an nan kèk sikonstans limite. Si w jwenn yon refi, ou kab mande pou yo revise rezon pou refi sa a..

Modifye Dosye w:

Si w kwè ke enfòmasyon sa nou genyen an sou sante w lan, li pa kòrèk oubyen li enkonplèt, ou gen dwa pou w mande pou n amande enfòmasyon sa ki egziste an. Ou dwe voye demann lan alekri bay Ofisye pou Konfòmite an Chèf lan ansanm avèk rezon pou demann sa a. N ap voye repons ba ou alekri si nou rejte demann ou an. Ou gen dwa pou w soumèt yon deklarasyon alekri kote w eksprime dezakò w avèk rejè an, epi na pral atache oubyen mete an lyezon avèk enfòmasyon sou sante sa a ki anba konsiderasyon an. Si w mande pou n amande dosye w lan paske ou kwè ke w viktim nan vòl idantite, nou pral itilize efò rezonab pou n asiste w nan koreksyon dosye w lan kote nou detèmine ke sa apwopriye selon sikonstans lan yo.

Demann pou Kominikasyon Konfidansyèl:

Ou gen dwa pou w mande pou w resevwa kominikasyon PHI w lan atravè mwayen altènatif oubyen nan lòt lokalizasyon. Pa egzanp, ou kab mande pou n kontakte w nan travay ou oubyen atravè sèvis postal Etazini an. Ou dwe fè demann sa yo alekri, mete ladan yo adrès kote pou n poste bòdwo yo voye ba ou pou sèvis sa NPN rann ou yo, epitou lòt bòdwo konsènan pèyman pou sèvis nou yo. Nou rezève dwa nou pou n itilize lòt mwayen oubyen lòt lokalizasyon pou n kontakte w nan ka kote w pa ta reponn a nenpòt kominikasyon ki ta sòti nan NPN lan ki ta neseseite yon repons.

Yon Kopi Avi sa a sou Papye:

Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi Avi sa a sou papye. Ou gen dwa mande n ba ou yon kopi a nenpòt kèl moman. Si w dakò pou w resevwa Avi sa a atravè mwayen elektwonik, ou toujou kapab mande tou yon kopi sou papye a nenpòt kèl moman.

Postaj ak Chanjman nan Avi sa a:

Na pral poste Avi sa a nan biwo NPN yo ak nan Entènèt lan nan <http://www.nanticoke.org//privacy-policy> avèk dat antre anvigè an. Nou rezève dwa nou pou n chanje Avi sa a. Nou pral bay pasyan nou vo yo yon kopi ki ankou, epi pasyan sa ki déjà etabli yo pral resevwa yon kopi aprè revizyon.